

“Moun, sèl kreyati sou tè a, Bondye rele pa l, pap janm ka fin rekonèt tèt li nè, sèlman lè l bay tèt li nè ale.”

Konsil Vatikan 2, dokiman « Gaudium et Spes », #24

Langaj kò a: Di Laverite ak Kò Nou

Nan yon ti jounal woman ki rele *Dènye Bout Relasyon an*, Otè a, Graham Greene, rakonte istwa yon fi ki te rele Sara, li te fè pwomès pou l pa janm nan relasyon ak gason. Lè l gade l wè, se pa yon bagay fasil, li swete ak tout li menm, pou l pat janm gen yon kò. Pandan tan sa, li dekouvri yon mak sou kò Moris, menaj li renmen anpil la. Mak sa, se lè l tap eseye pwoteje yon nèg, anba yon mi ki ta pral tonbe; konsa Sara reyalize, li ta toujou renmen admire mak sa, jouk tan l mouri. “Se depi lè sa, mwen kòmanse renmen kò m, mwen te rayi a, sèlman paske l renmen mak sa, ki sou kò menaj mwen an,” dapre sa l panse. **“Nou ka renmen ak lide nou, men èske n ka renmen sèlman ak lide nou yo?”**

Sara sòti ak menm lide ki te gide Pap Jan Pòl 2, lè l tap prezante dokiman l lan “Teyoloji kò a.” Si gen moun ki panse, Kreyen yo fè konmsi kò yo pa egziste, yo nan manti: Kreyen yo bay kò a ochan, paske se kado Bondye ban nou pou n renmen.

Ou pa ka wè renmen. Menm si w wè desen anime yo ap prezante lejand, kè ak womans pa leve brid-soukou, bò kote moun ki renmen. Kifè, kòman n ka montre yon lòt moun nou renmen yo? Sara reponn

byen vit: ak kò nou yo. **Kò nou montre si nou renmen san enterè tout bon vre.** Lèzòm montre renmen plizyè fason tankou nan souri, anbrase, bay lamèn ak anpil lòt jès.

Sonje renmen paran pou timoun



yo. Yon manman pataje eksperyans li yon jou, apre l fin fatige ak travay nan kay ki pa janm fini an. Pandan lap mete rad lesiv yo deyò, li tonbe sou yon ti rad, ki te pase sou tout timoun yo, li pat janm sispann lave

l. Men sa l rakonte :

Britsoukou, gen yon bagay ki pran m, m santi m mizerab - pa vo anyen menm. M blije rele Osekou, Bondye ede m! Konbyen fwa pou map lave ti chemiz sa? Poukisa map rekòmanse travay sa san pran souf? Touswit apre rèl sa, se konmsi Bondye mete nan lide m pawòl sa yo: Sonje konbyen timoun ou te renmen chak semèn, nan lave ti chemiz sa.

Kò nou se tankou ti chemiz lave sa: li pale yon langaj lanmou.

Renmen Espesyal nan Maryaj

Pi fò renmen (tankou renmen paran yo) pa gen afè sèks ladan l. Kò a, jan nou wè l la, jwe yon wòl espesyal nan montre tout renmen, men kò a plis taye pou montre renmen madanm ak mari. Gason ak fi nou ye a, tabli pou nou bay tèt nou, bay lòt sèks ki diferan an, nan relasyon fas pou fas nan maryaj. Chak grenn moun, kèlkeswa mal oswa femèl, demontre jan nou fèt, pou n pote fwi nan renmen san rezèv la.

Gen nan nou Bondye rele, pou n bay tèt nou san limit, nan fason sinatirèl pè, frè ak mè ap viv kòm selibatè nan lavi relijyez. Moun sa yo sakrifye fanmy yo, pou yo tounen manman

ak papa espiyèl lòt moun. Gen lòt ki rete sèlman layik, men viv konsekrasyon sa, etan yo pa marye. Pou nou menm Bondye rele nan maryaj, nou ranpli misyon sa, etan nou bay tèt nou nèt ale, nan renmen moun marye, ki se total, kapital, pou tout tan ak angajman pou fè pitit.

Kifè, madanm ak mari yo, demonstre renmen espesyal yo - angajman pou viv lontan, renmen nèt ale nan maryaj la - ak yon langaj espesyal nan kò yo : langaj sèks la kidonk fè lanmou.

Relasyon seksyèl, se yon kalite renmen, kote kò a ap chèche lòt la, pou l viv ak li pou tout tan. Fè lanmou kapab pale w sa byen, paske li ofri posibilite yon lòt lavi. Timoun se fwi renmen moun marye yo, paske yo eritye renmen paran yo!

Bay Tèt Nou Nan Relasyon Seksyèl

Sosyete nou an sanble l bliye pon ki kontre tout bon vre, sèks, lavi tou nèf, renmen san rezèv la. Se konmsi sèks egal plezi. Sa pa vle di fè lanmou pa yon bon bagay, fòk se pa ta Bondye ki kreye l. Men li vle pou sèks soutni limanite epi pou l pote bourad bay renmen san rezèv la. Si sèks egal plezi, li gen menm koulè ak manti. Paske kò a di, “Map renmen w pou tout tan epi m ta renmen fè pitit ak ou,” pandansetan, lespri a di, “Ah, se plezi m map pran.”

Nan yon relasyon seksyèl tout bon vre, moun nan bay tout li menm san rezèv, nèt ale. Si n sere yon pati nan nou (tankou angajman n ak pouvwa pou fè pitit), nou pa bay tèt nou nèt ale vre. Lè n pa bay tèt nou nèt ale, nou pa renmen jan Bondye te vle n renmen an. Sa vin fè n pa kontan epi n pèdi libète n.

“Se pou n deklare konviksyon n yo, epi kenbe yo fèm sou zafè sèks. Depi w di sèks, ou di maryaj.

Fè lanmou, se langaj kò nou pran, pou n montre san bouke, angajman maryaj nou”

Konferans Evèk peyi Ostrali yo, Maryaj nan Legliz Katolik : Kesyon moun toujou ap poze, 2006

Libète Pou n Renmen Nèt Ale

Nou toujou panse libète vle di dwa nou genyen pou n chwazi sa nou vle, depi nou pa ofanse pèsonn. Men depi nou pran direksyon, pou n mache kont plan renmen Bondye ki vle kè kontan pou nou an, lè sa nap fè tèt nou ak lòt yo abi. Libète gade yon sèl kote, se libète pou renmen.

Libète pou renmen pèmèt moun nan “dekouvri tèt li... etan l bay tèt li nèt ale,” jan Dezyèm Konsil Vatikan² a di sa. Kenbe kò n sen, se kalite sa ki pèmèt nou viv renmen nan libète: se yon mwayen entèlijan pou n kenbe anvi seksyèl nou yo, nan limyè verite ki ekri nan kò nou yo. Kenbe kò n sen, fè n bay tèt nou nèt ale. Epi se

sèl konsa, nou kapab pote fwi kòm moun.

Pa panse n Bondye ap kite n pou kont nou nan chemen sa. Nou ka konbat egoyis nou yo sèlman ak la-gras Bondye. Lap ban nou libète pou n renmen. Nap ka tire gras sa na pi sakreman yo (tankou Lekaristi, Rekonsilyasyon oswa Konfesyon, oswa Maryaj).

Konsa nou kapab viv jan li vle pou nou viv la: lib, sen, byenere. Konsa sèlman nou ka demontre renmen tout bon an ak kò nou. Se sèl konsa sèks ka pote non li te destine a: Map renmen w pou tout tan epi m ta renmen fè pitit avèk ou.” Se sak rele pale laverite klè sou kò nou, verite kap fè nou lib la. ☉

¹Graham Greene, *The End of the Affair* (New York: Penguin Classics, 1951), p. 110. ²Kimberly Hahn, “The World after the Wedding,” from *Catholic for a Reason*, vol. IV: *Scripture and the Mystery of Marriage and Family Life*, ed. Scott Hahn and Regis J. Flaherty (Steubenville, Oh.: Emmaus Road Publishing, 2007), p. 21. ³*Gaudium et Spes*, #24, www.vatican.va. ⁴There are many great resources on the theology of the body. See, for example, Christopher West’s work at www.ChristopherWest.com.

THE FUTURE
DEPENDS ON
LOVE.
Marriage
LIFE LONG. LIFE GIVING.

MASSACHUSETTS CATHOLIC CONFERENCE
WEST END PLACE, 150 STANIFORD STREET, SUITE 5
BOSTON, MASSACHUSETTS 02114-2511
PHONE: 617.367.6060 ~ FAX: 617.367.2767
WEB: MASSCATHOLICMARRIAGE .ORG